



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRIM ANVIWON 2 MILYON DOLA NAN NYSUNY  
2020 POU INIVÈSITE OPTOMETRI SUNY**

***Nouvo Ekspansyon Etablisman Swen Klinik ak Laboratwa Similasyon Reyelite  
Vityèl la Ap Kore Edikasyon Klinik Modèn ak Swen Amelyore pou Pasyan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, prim anviwon 2 milyon dola nan NYSUNY 2020 pou Inivèsite Optometri SUNY (SUNY College of Optometry). Prim nan ap finance ekspansyon yon etablisman swen klinik ak yon laboratwa similasyon reyelite vityèl pou bay edikasyon klinik modèn pou swen pasyon premye kalite. Inivèsite Optometri SUNY an gradye 60 pousan nan tout optometris Eta New York e finansman an ap ede reponn a demand k ap ogmante pou pwofesyonèl swen zye ki byen fòmè.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Nou dwe asire nou ke pwofesyonèl swen sante yo genyen meyè kapasite ak fòmasyon pou yon New York ki pi djanm, pi an sante. Finansman sa ap ekipe depatman Optometri SUNY an ak yon etablisman modèn ak teknoloji de pwent pou sipòte swen pasyen ki eksepsyonèl epi reponn a bezwen Nouyokè yo.”

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di:** “Inivèsite Optometri SUNY an se yon lidè nan edikasyon, rechèch ak swen pasyan, plizyè milye optometris ki te kòmanse isit la te pouve sa. Lè nou devlope epi modènize nan fason estratejik etablisman Swen Klinik li yo epi ajoute yon laboratwa similasyon reyelite vityèl, nou asire ke Eta New York se yon lidè nan optometri pou ane k ap vini yo.”

**Dwayen SUNY an, Nancy L. Zimpher te di:** “Depatman Optometri SUNY an se reyèlman yon sant ekselans nan domèn medikal espesyalize sa, e amelyorasyon sa yo ap sèlman ogmante repitasyon nasyonal li pou ekselans akademik. Felisitasyon a Prezidan Sante a ak kanpis Optometri a an antye paske yo resevwa prim sa yo, k ap sètènman bay etidyan yo yon edikasyon klinik ki rich nan etablisman modèn”.

**Prezidan Optometri SUNY an, David A. Heath te di:** “Lè n mete yo ansanm, de pwojè sa yo ap sipòte 30 pousan ogmantasyon nan enskripsyon nou an pandan n ap amelyore pwogram edikatif, swen pasyan ak rechèch yo. Y ap finalman fè swen zye pwogrese pou evolisyon bezwen sitwayen Eta New York yo. Mèsi Gouvènè Cuomo

paske w sipòte etidyan, fakilte pasyan ak pèsonèl nou yo ak prim NYSUNY 2020 sa yo.”

Ekspansyon nouvo etablisman nan Optometri SUNY an ap fè pwomosyon kowòdinasyon swen, aplikasyon pratik, edikasyon entè-pwofesyonèl ak swen olistik.

### **Ekspansyon Etablisman Swen Klinik - \$1.5 milyon**

Ekspansyon yon etablisman swen klinik ap bay yon modèl pou entegrasyon edikasyon pwofesyon sante kontanporen yo alavni nan inivèsite a ak yon sistèm pou bay swen sante k ap devlope. Pandan n ap ogmante kapasite pou akomode 30 pousan ogmantasyon nan enskripsyon, pwojè a ap founi yon anviwònman edikatif modèn ki genyen ladan l, rechèch klinik ak pratik ki baze sou prèv pou fòme pwofesyonèl swen zye fiti yo pou Eta New York.

### **Laboratwa Similasyon Reyalite Vityèl - \$367,000**

Yon laboratwa similasyon reyalite vityèl ap genyen ladan l 14 similatè fòmasyon pre-klinik ki itilize yon teknoloji entegre, ki ogmante reyalite, pou bay ekperyans twa dimansyon pou egzamen zye yo. Devlopman laboratwa similasyon ak itilizasyon teknoloji reyalite vityèl la sèvi kòm yon pon efikas, k ap prepare etidyan yo pou ekperyans aplikasyon pratik nan etablisman swen pasyan an. Laboratwa a ap emelyore nan fason ki efikas, kapasite teknik yo, konesans ak rezònman kritik yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418